


Chè Paran/Responsab Legal Molly,

Rapò sa a se yon rezime pèfomans Molly nan Egzamen Lang ak Literati Anglè (English Language Arts, ELA) anndan Pwogram Egzamen Eta Nouyòk li te pran nan prentan 2023. Nòt egzamen an se yon fason pou ede ou konprann kijan pitit ou te konpoze; **men, nòt sa a pa montre tout sa Molly konnen ak tout sa li ka fè. Nou bay rezilta Egzamen ELA ak Egzamen Matematik pou Klas 3èm ane jiska 8èm ane pou detekte kijan elèv yo travay men nou pa pral mete yo nan relvenòt ofisyèl Molly oswa dosye akademik pèmanan li.**

## TRADIKSyon




<https://www.nysesd.gov/state-assessment/grades-3-8-ela-and-mathematics-score-report-and-understanding-report-samples>

NÒT  
MOLLY

ANE SAA

**488**  
NIVO 4



## NIVO PÈFÒMANS

### NIVO 4

Elèv ki gen pèfòmans nan nivo sa a maton anpil nan estanda yo pou klas yo ye a.

### NIVO 3

Elèv ki gen pèfòmans nan nivo sa a konpetan nan estanda yo pou klas yo ye a.

### NIVO 2

Elèv ki gen pèfòmans nan nivo sa a konpetan an pati nan estanda yo pou klas yo ye a.

### NIVO 1

Elèv ki gen pèfòmans nan nivo sa a pa konpetan menm nan estanda yo pou klas yo ye a.

## MOLLY NAN NIVO ESTANDA ETA A

Pou wè deskripsyon sa elèv sa yo konnen ak ka fè, ale nan:

[www.nysesd.gov/state-assessment/next-generation-grades-3-8-learning-standards-performance-level-descriptions](https://www.nysesd.gov/state-assessment/next-generation-grades-3-8-learning-standards-performance-level-descriptions)

## KORE REYISIT MOLLY

Kontakte pwofesè Molly epi mande li ki domèn ki pi difisil pou Molly.

Mande lekòl la kijan ou pral resevwa rapò sou pwogrè Molly regilyèman.

Si sa nesesè, mande sèvis sipò pou elèv tankou sèvis konsèy ak sèvis oryantasyon eskolè pou yo kapab ede Molly reyisi pi byen.

Gade travay Molly fè nan klas la ak devwa li fè lakay ansanm ak li pou wè kijan Molly ap fè pwogrè.

Pou plis enfòmasyon konsènan egzamen sa a, estanda Eta Nouyòk yo, ak fason ou kapab ede Molly, ale nan:

<https://www.nysesd.gov/state-assessment/grades-3-8-ela-and-mathematics-tests>

Estanda Aprantisaj Eta Nouyòk pou Lang ak Literati Anglè ak Alfabetizasyon dekri kisa Molly sipoze konnen ak kapab fè nan chak nivo klas. Seksyon sa a montre kantite pwen li fè nan seksyon Lekti an ak nan seksyon Redaksyon baze sou Sous la.



### LEKTI

Nan seksyon sa a, nou te mande elèv yo pou:

- konprann ide prensipal ak detay ki genyen nan tèks pou nivo klas yo epi rekonèt kijan detay yo kore devlopman entrig la;
- dekri an detay pèsomaj yo, epi fè rapò ant ide yo ak evènman yo;
- jwenn sans mo ak ekspresyon yo itilize nan tèks la epi konprann kijan tèks la òganize;
- dekri kijan yon pwennvi enflyanse deskripsyon evènman yo;
- entegre konesans ak ide yo fè pase nan tèks la gras a itilizasyon ilistrasyon ak koneksyon lojik ant differan pati nan tèks la.

### REDAKSYON BAZE SOU SOUS

Nan seksyon sa a, nou te mande elèv yo pou:

- fè deklarasyon epi kore yo avèk detay;
- yo ekri sou pèsomaj yo epi dekri kijan yon pèsomaj asosye avèk lòt la nan tèks la;
- konpare epi opoze pwennvi ak tèm nan tèks yo;
- analize evènman yo ak aksyon yo nan yon tèks;
- detèmine efè lang sou aspè yon tèks epi dekri empòtans eleman yo nan istwa a;
- montre yo konprann grasa pwodiksyon redaksyon lojik ki montre yo itilize gramè ak izaj anglè pou nivo klas yo.

Tanpri sonje elèv ki gen yon Pwogram Edikasyon Endividiyèl (Individualized Education Program, IEP) oswa Plan Adaptasyon Seksyon 504 (Plan 504) ki endike pou yo li egzamen yo awotvwa ta dwe resevwa aranjman pou egzamen sa a, dapre endikasyon espesyal ki nan IEP an/ Plan 504 la.